

# #noupapdòmi

## *Konferans pou laprès pou fikse pozisyon Nou Pap Dòmi sou konjonkti a*

---

*Pòtoprens, 3 Oktòb 2019*

Nou retire bonèt nou pou n salye tout laprès alawonnbadè, nou rekonèt travay yo pa fasil nan dènye moman sa yo e nou salye kouraj nou nan angajman sa.

**Nou bese chapo nou byen ba devan tout viktim ki tonbe nan dènye jou yo e nou kondane konpòtman lapolis pouvwa ap itilize pou fè represyon sou popilasyon an k ap manifeste e revandike dwa li.**

San pèdi tan, nou ka di, sitiyasyon n ap viv la pa yon loray kale. Li se rezilta yon ansanm desizyon moun ki nan Leta a ap pran depi kèk tan kont lavi majorite moun k ap viv nan peyi a. Leta pa chwazi popilasyon l kòm entèlokitè, li sèlman itilize l an fonksyon bezwen gran patwon li genyen isit kou lòtbò dlo. Kijan w konprann yon Leta k ap nourri koripsyon, kontrebann, inegalite sosyal gen tanta pou monte gaz sou pretèks li vle redwi defisi l ?

Enzireksyon ki gen nan tout peyi a se rezilta dirèk politik miwo miba kont majorite a, jan nou toujou di li, politik eksklizyon, koripsyon ak enpinite pa t ap janm bay okenn lòt rezilta. Se chak jou moun ap mouri lakoz pwoblèm lopital, poutan ofisyèl nou yo jis al pran swen Miami ou Sendomeng. Se kalite aksyon sa yo ki rann popilasyon an an kòlè ; se reyalite vyolans sa a ki ekspriye nan vwa sitwayen fanm sa a k ap mande chavire chodyè a. Rèl madanm sa a ki pran lari akòz li pa gen manje pou bay pitit li, se yon lekti politik avanse sou reyalite malouk klas yo rann pi pòv yo ap sibi chak jou. Konpreyansyon sila ranmase 2 zak politik epi lage n nan yon peryòd ki pote nan vant li jèm yon lòt sosyete.

# #noupapdomi

## Nou pap domi klè sou pozisyon I

1. Se ayisyen ki dwe jwenn solisyon pou pwoblèm ayisyen ap fè fas. Sa vle di, Core Group, OEA, FMI, UE, ONU dwe ret nan wòl obsèvatè yo epi sipote sa ayisyen deside. Se 200 lane nou genyen n ap fè egzèsis viv ansanm nan, li nòmal pou n pèdi nan wout, ezite, batay youn ak lot men, n ap rive. Sa vle di tou, se pou tout aktè lokal ki pa enplike nan dilapidè resous peyi a pran yon responsablite devan nasyon an. Pèp la p ap leve kanpe pou se etranje ak restavèk etranje, kowonpi ak atoufè ki vin pwofite.
2. Tout inisyativ aktè nasyonal yo ap pran, dwe reflekte demann sosyete a ki vle nou koupe fache ak pratik politik tradisyonèl yo. Sa vle di yo dwe fèt nan transparans, patisipasyon ak respè prensip etik, repibliken ak demokratik yo.
3. Jwenn yon akò nan mitan tout aktè nan vi nasyonal la pou monte yon kaye doleyans k ap sèvi kad aksyon pou rezoud pwoblèm 6,7 Jiyè (jistis sosyal) ak 24 dawout (koripsyon ak enpinite) sosyete a ap poze yo.

Nou Pap Dòmì gen yon dokiman 4R ki trè avanse sou kesyon tranzisyon an, se yon dokiman piblik. Li pare pou l mete l kòm materyo pou diskisyon yo fèt. Nou konstate peyi a p ap dirije depi 6,7 Jiyè. Puisse dirijan yo pa pran responsabilite yo, li natirèl pou dirije yo responsabilize yo. Mobilizasyon yo ap bout jiskaske nou konnen kijan fon petwokaribe a depanse epi pou tout moun jwenn menm fòs nan sa k ap kuit la.

**Nou Pap Domi kore tout mobilizasyon popilasyon an ki pa sispann mande pwosè petwo karibe a ki pa negosyab sou okenn fòm. Enzireksyon popilè nou wè nan dènye jou yo montre a klè batay pou chajman an ap pran rasin e pèp lan ap genyen batay sa a.**

**Demisyon. Pwosè. Prizon. Restitasyon.**